

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Kagiatan nulis téh mangrupa hal penting dina proses pangajaran di sakola. Kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan panghéséna diantara kaparigelan séjén sabab mikabutuh ide jeung gagasan anu bakal museurkeun tujuan panulis dina eusi karangan (Anggraeni, 2014). Tapi, kaparigelan nulis di Indonésia téh leuwih héngkér dibandingkeun jeung tradisi maca. Sakumaha tina hasil panalungtikan ngeunaan literasi anu dilakukeun ku *Central Connecticut State University* (CCSU), nétélakeun yén Indonésia aya dina peringkat ka 60 ti 61 nagara dina urusan literasi hususna nulis (Rahman, 2018, kc. 1).

Hal ieu kudu jadi perhatian husus keur urang salaku generasi ngora sangkan bisa ngaronjatkeun kaparigelan nulis ku cara diajar ngaliwatan pangajaran di sakola. Ieu pangajaran meredih siswa sangkan leuwih aktif jeung produktif. Anu mana kaparigelan nulis téh mangrupa tingkatan anu pamungkas dina kaparigelan basa sanggeus ngaregepkeun, nyarita, jeung maca. Suparno jeung Yunus dina (Dalman 2014, kc 6) nétélakeun yén pangajaran kaparigelan nulis perlu pisan ditanemkeun ka siswa ti Sakola Dasar kénéh. Ilaharna aksara latén jadi aksara panganteur dina pangajaran.

Aksara Sunda mangrupa aksara anu jadi ciri khas di Tatar Sunda. (Rahmadani, 2013, kc.2) ditétélakeun yén perlu diperhatikeun kaayaan aksara Sunda anu kurang unjuk dina kahirupan masarakat Sunda. Kitu deui dina materi pangajaran aksara Sunda di sakola jadi hal anu penting pikeun ngamumulé aksara Sunda. Dumasar kana Kurikulum Bahasa Sunda Kurikulum Merdeka jenjang PAUD, SD, SMP, SMA, SMK. Dina fase E yén pangajaran aksara Sunda téh diajarkeun di kelas X luyu jeung *Capaian Pembelajaran* fase E anu eusina *Peserta didik mampu mengolah dan menyajikan informasi atau pesan (gagasan, pikiran, pandangan, atau arahan) untuk*

Fitria Shofiyati Wahyuni, 2023

MODÉL EXPLICIT INSTRUCTION DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-6 di SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajar 2022/2023)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

*berbagai tujuan secara logis, kritis, kreatif, dan benar dalam berbagai tipe teks tulis (fiksi dan nonfiksi) berbahasa Sunda sesuai kaidah bahasa dan norma budaya Sunda. Peserta didik mampu menyajikan tulisan berbahasa Sunda sesuai kaidah dan konteks dalam media tulis, media cetak, atau media digital untuk tujuan tertentu sesuai kaidah bahasa dan norma budaya Sunda. Peserta didik mampu mengalihwahanakan dan mengkreasi atau teks ke teks lainnya dengan aksara Sunda atau bahasa yang berbeda sesuai kaidah dan konteks dalam media cetak atau elektronik untuk berbagai tujuan.* Kaparigelan nulis aksara Sunda kudu dicangking ku siswa. Sangkan matéri éta ka cangkem ku siswa, perlu aya strategi jeung modél pangajaran anu cocok pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung ieu.

Peran guru salaku fasilitator dina lumangsungna pangajaran di kelas kudu manggihan solusi jeung usaha dina pasualan proses pangajaran di kelas. Guru kudu bisa méré motivasi ka siswa sangkan resep sarta parigel dina nulis, salasahiji usahana nyaéta tangtuna waé mikabutuh rojongan jeung gawé bareng ti sababaraha aspék jeung komponén pangajaran. Salasahiji komponén anu mangaruhan pisan nyaéta dilarapkeunna modél pangajaran. Modél pangajaran *Explicit Instruction* jadi modél atawa startegi anu dipilih pikeun ngungkuluan masalah anu aya dina pangajaran basa Sunda siswa kelas X-6 di SMA Negeri 15 Bandung.

Modél pangajaran *Explicit Instruction* nurutkeun Kardi (dina Uno & Nurdin, 2011: 118) bisa dina wangu “ceramah, demonstrasi, pelatihan atawa praktik, jeung kerja kelompok” . *Explicit Instruction* digunakeun pikeun nepikeun pangajaran anu ditransformasikeun langsung ku guru ka siswa. Sintaks model *Explicit Instruction* ngaliwatan 5 tahap 1) guru ngajelaskeun tujuan jeung kasang tukang pangajaran, 2) guru ngademonstrasikeun pangaweruh jeung kaparigelan, 3) guru ngabimbing pelatihan awal, 4) guru ngetes pamahaman pangaweruh jeung kaparigelan siswa, 5) guru nyiapkeun mere kasempetan pelatihan lanjutan pikeun siswa sangkan leuwih parigel.

Ngaliwatan modél *Explicit Instruction* guru bisa ngadémonstrasikeun pangaweruh jeung kaparigelan ka siswa. Nurutkeun Shoimin (Shoimin 2014, kc 77) modél *Explicit Instruction* husus dirancang pikeun ngamekarkeun diajar siswa. Ngeunaan pangaweruh procedural jeung pangaweruh déklaratif anu bisa diajarkeun ku pola saléngkah-saléngkah. Satuluyna, modél *Explicit Instruction* miboga kaonjoyaan jeung kahengkeran. Kaonjoyan model *explicit instruction* nya éta siswa bener-bener bisa maham sarta ngawasa pangaweruhna, sakabéh siswa kalibet kana pangajaran, bisa diterapkeun sacara éfektif dina kelas gedé atawa leutik, ogé mangrupa cara anu éfektif pikeun ngajarkeun kaparigelan-kaparigelan anu eksplisit ka siswa anu prestasina rendah. Sedengkeun kahengkeranna nya éta model *Explicit Instruction* ieu merlukeun waktu anu lila ngabalukarkeun kana waktu midang siswa sakeudeung oge ieu model pangajaran téh bisa dilarapkeun dina materi pangajaran nu tangtu.

Anapon sababaraha panalungtikan anu kungsi nalungtik maké modél *Explicit Instruction* diantarana (1) “Keefektivan Model *Make-A Match* dan Model *Explicit Instruction* Dalam Pengajaran Menulis Aksara Sunda (Penelitian Ekperimen Siswa kelas X SMAN 1 Sukaresmi Tahun 2012/2013)” ku Juliar E (2013), (2) “Penerapan Model *Explicit Instruction* Pada Pembelajaran Seni Tari Untuk Meningkatkan Minat Belajar Siswa” ku Diniati Tina Hartinah (2016), (3) “Modél *Explicit Instruction* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Drama (Penelitian tindakan kelas ka siswa XII MIPA 2 SMAN 1 Singaparna Taun Ajaran 2016/2017)” ku Selvi Awit (2017), (4) “Modél *Explicit Instruction* dina pangajaran Kawih”, ku Cica (2019), jeung (5) Modél Pangajaran *Explicit Instruction* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Biantara (Studi Kuasi Ékspérímén ka siswa kelas IX-D SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajar 2021/2022)” ku Salza Nabila Abadil (2022).

Bédana dina ieu panalungtikan nya éta tina variabel objékna, sarta matéri anu ditalungtikna. Dumasar pedaran di luhur, modél pangajaran *explicit instruction* dina pangajaran nulis aksara Sunda can aya nu nalungtik. Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahán pangaweruh dina mekarkeun métodeu jeung strategi pangajaran pikeun

ngungkulan pasualan-pasualan akademis. Ku kituna ieu panalungtikan anu judulna “Modél *Explicit Instruction* Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas X-6 di SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2022/2023)” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Identifikasi Masalah**

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan bisa diidentifikasi dumasar kana :

- 1) kamampuh jeung pamahaman siswa dina nulis aksara Sunda kurang;
- 2) modél pangajaran anu dilaksanakeun di sakola kurang ngirut atawa pikatajieu siswa. Antukna, kurang motivasi dina diajar aksara Sunda, sarta teu pati mangaruhan kana kahontalna pangajaran anu dipiharep; jeung
- 3) modél *Explicit Instruction* can kungsi dilarapkeun dina pangajaran nulis aksara Sunda.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana éta hal, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh ngagunakeun model pangajaran *Explicit Instruction* di kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung?
- b. Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa sabada ngagunakeun model pangajaran *Explicit Instruction* di kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung?
- c. Naha aya bédana antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun model pangajaran *Explicit Instruction* di kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan téh miboga dua tujuan anu baris dihontal, nyaéta aya tujuan umum jeung tujuan husus.

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji kaéfektifan modél pangajaran *explicit instruction* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda ngagunakeun modél *explicit instruction*.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Dumasar kana tujuan anu geus dirumuskeun di luhur, tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun téh miboga tujuan sacara husus, nyaéta:

- a. ngadéskripsikeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Instruction* di kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajar 2022/2023;
- b. ngadéskripsikeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Instruction* di kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajar 2022/2023;
- c. ngadéskripsikeun uji bédana kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Instruction* di kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajar 2022/2023.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan miboga dua mangpaat, di antarana aya mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna, hususna ngeunaan modél *Explicit Instruction* dina pangajaran nulis aksara Sunda.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, nya éta

- a. pikeun guru, bisa jadi référénsi dina milih modél pangajaran sangkan nyiptakeun kaayaan siswa nu aktif jeung dipikaresep tur kréatif;
- b. pikeun siswa, bisa kairut jeung ngamekarkeun motivasi kaaktifan sarta bakal ngaronjatkeun hasil diajar hususna dina diajar nulis aksara Sunda;
- c. pikeun nu nalungtik, bisa nambahana wawasan jeung dijadikeun motivasi sangkan mampuh nyiptakeun, ngarancang sarta ngamangpaatkeun modél pangajaran nu aya salaku alat pikeun mekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, sarta ngarahkeun siswa kana bahan ajar anu pikaresepeun.

### 1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dijieu pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun skripsi.

Bab I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, Raraga Mikir, jeung Hipotésis, anu ngawengku tiori modél pangajaran, tiori modél *Explicit Instruction*, nulis, aksara Sunda, jeung modél *Explicit Instruction* dina pangajaran nulis aksara Sunda. Salian ti éta, bab II ogé medar ngeunaan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III Métode Panalungtikan, anu ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan, anu ngawengku kamampuh nulis téks aksara Sunda siswa saméméh ngagunakeun modél *Explicit Instruction*, kamampuh nulis téks aksara Sunda siswa sanggeus ngagunakeun modél *Explicit Instruction*, bébédaan anu signifikan kamampuh nulis téks Aksara Sunda siswa kelas X-6 SMA Negeri 15

Bandung Taun Ajaran 2022/2023 antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Explicit Instruction*.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi pikeun pamaca.